



Ibibazo n'inyishu kubantu bagendana umugera wa Sida

Ikibazo: Mbega ni bande bagendana umugera wa Sida

Inyishu: Abagendana umugera wa Sida ni abantu banduye agakoko ka sida.

Ikibazo: Kwegera umuntu agendana umugera wa Sida ubwo si ukwisamarako?

Inyishu: Oya ntangorane zihari mugukorana, kwigana, kubana, no gukinana n'abantu banduye agakoko ka sida. Eka n'abana ntangorane bagira iyo bakinanye n'abandi bana bagendana umugera wa Sida. Ibintu nkavyose dukorera hamwe ntangorane bitera kuko bidatuma umuntu yandura umugera wa Sida; haba kuramukanya n'intoke, gusomana, gusangira impuzu, gusangira amadushe n'utuzu twa sugumwe, gusangira amazi canke infungurwa, eka n'ibindi vyinshi. Aha twokwibukanyako umugera wa sida atahandi ushobora kuba atari mubintu biseseka nk'amazi: mu tûzi n'intanga z'umugabo, mu tûzi two mubihimubihimba vy'irondeka vy'umugore, mumaraso, no mu maberebere. Iyo rero umuntu adakoze kuri ibi tudondaguye, ntampanuka zo kwandura zimushikira. Kenshi na kenshi, abagendana umugera wa sida nibo bitanga gose mukwigisha abandi no muguhanura mu kwirinda umugera wa sida. Amashirahamwe akomeye y'abagendana umugera wa sida yaratumye ama Leta ahindura amategeko n'imikorere kubijanye n'ico kibazo. Abagendana umugera rero si abo gukumira ahubwo twobashigikira, tukabitaho kandi tukabubahiriza.

Ikibazo: Mbega umuntu yandura gute umugera wa Sida?

Inyishu: Hari inzira zitatu gusa umuntu ashobora kwanduramwo umugera wa Sida. Ubwambere, kurangurana imibonano mpuzabitsina n'umuntu yanduye sida kandi utikingiye (tutibagiye n'umuntu ataripimisha ngo amenye ko akomeye canke arwaye). Ubwakabiri bica muguhanahana amaraso. Mugihe amaraso y'umuntu agendana umugera akoze kumaraso y'iwawe. Abenshi mubandura biciye muri ubu buryo biba bivuye kugusangira ibikwashu n'inshinge be no guhanahana amaraso kwamuganga (ariko kwamuganga barakinga gose ntabakihandurira). Ubwanyuma, umwana arashobora kwandura umugera awandujwe na nyina wiwe iyo nyina asanzwe awugendana.

Ikibazo: Mbega utûzi two mubihimba vy'irondeka dukoze kumubiri wanje noca nandura?

Inyishu: Naho utûzi turimwo umugera wa sida twokora kumubiri wawe ntiwandura. Umugera ukenera kwinjirira mumurindi w'amaraso; umubiri wacu rero ni inkizo ikomeye.

Ikibazo: None nokwirinda gute?

Inyishu: Hari ibintu bitari bike vyerekana intumbero twofata mukwikingira ngo ntiwandura sida. Vyinshi vyerekeye abantu bakorana n'abagendana umugera wa sida. Ivyiza rero nuko mugihe uriko urahanagura canke ukora ku maraso canke k'utûzi two kumubiri, wobanza kwambara ibirato vy'intoke . Uhejeje, woca utyorora neza ahantu hose utwo tuzi canke amaraso yakoze ukoresheje umuti wo gutyorora (canke umuti bita Clorox). Umuntu rero yobanza kuraba ko ashobora kuronka ivyo bintu vyo gutyorora, nk'udutambara two guhanagura amaraso. Ivyobintu yoca abita mumashashi (sachets) hanyuma akabijana aho bata umwavu hugaye. Ubwanyuma, umuntu yambuye ibirato vy'intoke, ni vyiza ko yoca akaraba neza akoresheje isabuni.